Department of Job & Family Services

# APLIKASYON NAN PWOGRAM ASISTANS NITRISYON SIPLEMANTÈ (SNAP), LAJAN KACH, APLIKASYON MEDIKAL, AK/OSWA ASISTANS POU GADRI

**Si w bezwen Asistans SNAP touswit, reponn kesyon ki nan Etap 6 aplikasyon an.** Ou ka kalifye pou resevwa SNAP pi vit. Ou gen dwa pou w aplike pou Asistans SNAP nan menm jou ou kontakte biwo JFS nan konte ou a.

## Kontakte Biwo JFS Konte w la si:

- **Ou bezwen èd pou konplete pwosesis aplikasyon an,** ou vle yon entèvyou an pèsòn, oswa ou bezwen yon vizit lakay ou pou w konplete entèvyou a.
- **Nenpòt nan enfòmasyon ou bay nan fòmilè sa a chanje** aprè ou fin remèt li.

## Lòt Resous Pou w Kontakte Si:

- **Anglè pa lang prensipal ou**, **rele biwo JFS konte w la** pou yo fè yon entèprèt ede w konprann kesyon ki nan fòmilè sa a.
- **Ou gen pwoblèm pou tande ak/oswa pwoblèm vizyon, rele 7-1-1** pou w jwenn èd pou w ranpli fòmilè sa a oswa pou entèvyou ou a.

## Ou bezwen Èd Pou w Ranpli Aplikasyon Sa a?

Ou ka gen yon Reprezantan Otorize pou ede w ranpli entèvyou ak/oswa fòmilè ou yo.

- Reprezantan Otorize ou a pa oblije viv ak ou men li dwe yon adilt responsab.
  Ou dwe voye non Reprezantan Otorize w la alekri bay biwo JFS konte w la.
- Si ou se yon Reprezantan Otorize, swiv etap ki nan aplikasyon sa a pandan w ap itilize enfòmasyon kandida a.
- Lòt ajans kominotè, tankou bank alimantè, ka ede w ranpli aplikasyon sa a tou.

## Swiv kat etap sa yo pou w aplike pou asistans lan:

**1 Ranpli Aplikasyon sa a - APLIKASYON AN KÒMANSE NAN PAJ 5**

Nan etap 1 aplikasyon sa a, chwazi pou ki pwogram (yo) ou vle aplike. **Reponn plis kesyon ou kapab nan aplikasyon an. Men, ou dwe omwen mete non w, adrès ou ak siyati w** epi remèt li bay biwo JFS konte w la pou w kòmanse pwosesis aplikasyon an. **Remak:** ou ka mande yon kopi aplikasyon w ranpli a.

**2 Remèt aplikasyon sa a**

Ou ka aplike anliy tou sou https://ssp.benefits.ohio.gov oswa ranpli aplikasyon sou fòma papye sa a. Soumèt papye aplikasyon an nan biwo JFS nan konte lokal ou a. Pou w chèche biwo JFS konte w la, ale sou https://jfs.ohio.gov/about/local-agencies-directory

**3 Ranpli yon Entèvyou - pou SNAP ak/oswa Asistans Lajan Kach SÈLMAN**

Biwo JFS konte w la ap voye ba w yon lèt ki gen dat ak lè entèvyou telefonik ou an. Lèt la ap di w si w bezwen rele biwo JFS konte w la oswa si se yo k ap rele ou.

**4 Remèt Dokiman Verifikasyon yo - pou TOUT Pwogram yo**

Biwo JFS konte w la ap di w ki verifikasyon li bezwen nan men w. Ou ka soumèt dokiman verifikasyon yo avèk aplikasyon sa a. Konsilte pwochen paj la pou jwenn yon lis tip dokiman yo ka mande yo.

## Enfòmasyon sou Dokiman Verifikasyon

- Revize tablo ki anba a pou plis enfòmasyon sou dokiman verifikasyon chak pwogram yo bezwen.
- Biwo JFS konte w la ka mande w pou w bay souch pèman, bòdwo sèvis piblik, relve labank, oswa plis.

**Biwo JFS konte w la ap ba w•**

**Lis Verifikasyon** (Fòmilè JFS 07105). Asire w ou bay tout enfòmasyon ki nesesè yo anvan dat limit ki mansyone sou fòmilè a.

- Biwo JFS konte ou a ka refize aplikasyon w lan si gen dokiman verifikasyon ki manke.

**Ou bezwen Èd?** Si w bezwen èd pou jwenn aksè nan dokiman ki nesesè yo, mande biwo JFS konte w la pou ede w.

**Sitwayen ki pa Ameriken ki Kalifye:** Si w PA yon Sitwayen Ameriken epi w ap aplike SÈLMAN pou yon pwogram asistans pou yon Sitwayen Ameriken OSWA yon Sitwayen ki pa Ameriken ki Kalifye, oswa w ap aplike pou asistans medikal an ijans ki limite nan kantite tan, ou PA oblije verifye estati sitwayènte w, estati imigran w, oswa bay yon SSN.

| **Egzanp dokiman verifikasyon**<br>+Biwo JFS konte ou a sèlman verifye sitwayènte timoun ki bezwen swen an lè y ap aplike pou Asistans Swen Timoun.<br>*Montan SNAP ou a ka ogmante si w verifye frè sa yo. | **Pwogram Asistans** | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | **SNAP** | **Medikal** (Fanmi ak Timoun) | **Medikal** (granmoun ki antre nan laj, Avèg, oswa andikape) | **Gadri** | **Lajan Kach/ Asistans Lajan Kach pou Refijye**(RCA) |
| **Nimewo Sekirite Sosyal ou**oswa prèv ou te aplike pou youn | ✓ | ✓ | ✓ | | ✓ |
| **Kat Rezidan Pèmanan ("Kat Vèt")** oswa lòt dokiman imigrasyon si ou pa yon Sitwayen Ameriken | ✓ | ✓ | ✓ | | ✓ |
| **Prèv sitwayènnte Etazini+** | | ✓ | ✓ | ✓ | ✓ |
| **Prèv revni oswa** lòt kòb ki antre nan fwaye w la (tankou fich pèman, dosye taks, lèt rekonpans, pansyon alimantè pou timoun) | ✓ | ✓ | ✓ | ✓ | ✓ |
| **Relve labank ki pi resan**(tankou yon kont kouran oswa yon kont epay) | | | ✓ | | ✓ |
| **Prèv ki montre ou gen veyikil** (tankou machin, kamyon, moto, bato oswa RV) | | | ✓ | | |
| **Prèv valè aktyèl aksyon/obligasyon, sètifika depo, asirans vi, fon fidisyè, pansyon** | | | ✓ | | ✓ |
| **Prèv idantite** (tankou yon lisans, kat idantite eta a bay oswa paspò) | ✓ | | | | ✓ |
| **Prèv nenpòt depans gadri/moun ki sou kont ou** | * | ✓ | | | ✓ |
| **Prèv nenpòt pansyon alimantè** pou timoun ki p ap viv avèk ou | * | ✓ | ✓ | ✓ | ✓ |
| **Prèv nenpòt frè lojman ak depans sèvis piblik** | * | | ✓ | | |
| **Prèv nenpòt frè medikal pou moun ki andikape oswa pou moun ki gen plis pase 60 lane** (preskripsyon ladan l tou) | * | | ✓ | | |
| **Prèv Asirans Sante** | | ✓ | ✓ | | |
| **Verifikasyon yon aktivite ki reponn ak nòm yo pou tout moun k ap pran swen fwaye a** (tankou yon orè lekòl oswa travay, kontra otosifizans) | | | | ✓ | |
| **Non ak adrès yon founisè gadri ki elijib pou chak timoun ki bezwen swen.** | | | | ✓ | |

# Kesyon yo poze souvan

## Elijibilite pwogram:

### 1. Kilè m ap konnen si m elijib pou asistans?

**SNAP, Lajan Kach, ak Asistans Gadri:** N ap detèmine si w kalifye pou pwogram sa yo nan **espas 30 jou** apati dat ou te soumèt aplikasyon w lan.

- Si w elijib, nou ka apwouve avantaj ou yo apati dat ou te soumèt aplikasyon w lan.
- **Pou Gadri SÈLMAN:** Si nou refize aplikasyon w lan, ou ka responsab pou w peye nenpòt founisè gadri ou te itilize depi lè w te soumèt aplikasyon w lan.

**Asistans Medikal:** Biwo JFS konte w la ap detèmine si w kalifye pou asistans medikal nan **espas 45 jou** apati dat ou te soumèt aplikasyon w lan.

- Yo ka oblije fè yon Detèminasyon Andikap si w ap bay yon reklamasyon pou yon andikap, sa ki ka pran jiska 90 jou.
- Si w elijib, yo ka apwouve Asistans Medikal ou a apati dat ou te soumèt aplikasyon w lan. Si w gen fakti medikal depi 3 mwa anvan ou te aplike a, fè biwo JFS konte w la konn sa. Yo ka apwouve w pou Asistans Medikal pou 3 mwa sa yo.

### 2. Ki pwogram ki mande yon entèvyou?

- SNAP ak asistans pou Lajan Kach MANDE yon entèvyou
- Asistans pou Gadri ak Asistans Medikal PA MANDE yon entèvyou

### 3. Sa k ap pase si mwen rate entèvyou mwen an pou SNAP oswa Asistans Lajan Kach la?

Si w rate entèvyou w la, kontakte biwo JFS konte w la touswit. Si w pa pase entèvyou ou an ak biwo JFS konte w la nan **espas 30 jou apati** dat ou te remèt aplikasyon w lan, yo ka refize aplikasyon w lan epi w ap oblije aplike ankò.

### 4. Èske mwen dwe Sitwayen Ameriken pou m jwenn asistans?

Anpil sitwayen ki pa sitwayen ameriken ka resevwa avantaj asistans. Asistans Medikal an Ijans pou Sitwayen ki pa Ameriken (NCEMA) ka disponib tou kèlkeswa estati Sitwayènte Ameriken ou.

### 5. Ki lòt sèvis ki ka disponib?

Ou ka elijib pou w resevwa lòt sèvis tankou:

- Sèvis Prevansyon, Retansyon, ak Sèvis ijans yo (Prevention, Retention, and Contingency (PRC)).
- Sèvis Entèvansyon Bonè yo
- Konpetans PwofesyonèlÈd pou jwenn yon travay

**Remak:** Ou ka oblije aplike pandan w ap itilize yon aplikasyon apa pou sèvis sa yo. Kontakte biwo JFS konte ou a si w enterese.

**Pou jwenn plis enfòmasyon sou òganizasyon kominotè ki ka ede w, ale sou** https://benefits.ohio.gov/home/resources/assistance-programs.

# Kesyon yo poze souvan

## Asistans Gadri:

### 1. Kijan pou m chwazi yon founisè gadri?

Moun k ap pran swen timoun yo ka chwazi nenpòt pwogram ki apwouve pou bay Sèvis Gadri Eta ap Finanse. Pwogram sa yo gen ladan yo sant, fwaye gadri familyal, kan lajounen ki apwouve ak èd adomisil ki nan Eta Ohio a.

- Si w bezwen èd pou w chwazi yon founisè, ou ka kontakte Ajans Resous ak Referans pou Gadri nan zòn ou an. Vizite *https://occrra.org/ccrr-membership/*pou jwenn enfòmasyon sou kontak.
- Itilize Repètwa Sèvis Gadri a sou *https://childcaresearch.ohio.gov* pou w chèche pwogram ki reponn ak bezwen timoun ou an. Repètwa a pèmèt ou chèche apati zòn, tip pwogram ak evalyasyon Step Up To Quality. Enspeksyon sou otorizasyon ak plent ki fonde yo disponib pou konsiltasyon.
- **Remak:** Si w chwazi yon founisè gadri nan moman w ap aplike a, sa ap fè pwosesis la pi rapid.

### 2. Sa k ap pase si timoun mwen an gen yon andikap oswa mwen sispèk timoun mwen an ka gen yon reta nan devlopman li?

Jwenn plis enfòmasyon sou asistans pou swen timoun ki gen bezwen espesyal sou sitwèb ODJFS Child Care la nan *https://jfs.ohio.gov/child-care/resources/02-special-needs-child-care*.

- Si pitit ou a bezwen swen espesyal, li ka elijib pou gadri jiska laj 18 lane.
- Founisè gadri ou a ka aplike pou resevwa yon pousantaj pèman ki pi wo si yo adapte pwogram/sèvis yo ak bezwen pitit ou a.
- Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte biwo JFS konte w la.

### 3. Kijan pou m depoze yon plent kont yon Founisè Gadri?

Si w ta renmen depoze yon plent pou yon vyolasyon ou sispèk ki fèt sou règ pou otorizasyon yo, ou ka rele Sèvis Asistans Politik Gadri a sou **877-302-2347**, Opsyon 4.

### 4. Kisa Step Up To Quality ye?

Step Up To Quality (Pase nan Kalite) se sistèm nan Ohio pou evalye kalite pwogram gadri. Yo bay nivo kalifikasyon yo sou baz aplikasyon pwogram estanda a ki ale pi lwen pase minimòm estanda sante ak sekirite. Pou plis enfòmasyon, vizite sitwèb ODJFS Child Care la sou *https://childrenandyouth.ohio.gov/for-providers/step-up-to-quality* epi klike sou "Step Up To Quality."

**-- Tanpri kenbe paj sa a pou achiv ou. –**

## APLIKASYON POU ASISTANS SNAP, LAJAN KACH, ASISTANS MEDIKAL, AK/OSWA GADRI

### Demann Enskripsyon Elektè yo Atache - Asistans Disponib

Si w **PA** enskri pou w vote kote w ap viv kounye a, èske ou ta renmen aplike pou w enskri pou w vote la a jodi a?

☐ **WI -** Mwen vle enskri pou m vote.

☐ **Non -** Mwen **PA** vle enskri pou vote.

**Si w pa koche okenn kazye, y ap konsidere ou pa t deside enskri pou w vote fwa sa a. Aplike pou enskri oswa refize enskri pou vote p ap afekte montan asistans ajans sa a ap ba ou a.**

### Etap 1: Koche kazye pou chak pwogram kandida a vle aplike pou li a

*Ou ka aplike pou nenpòt oswa pou tout pwogram ki mansyone anba a. Si w pa koche okenn kaz, n ap sèlman revize elijibilite w pou SNAP.*

☐ SNAP ☐ Asistans Gadri ☐ Asistans Medikal

☐ Asistans Lajan Kach - Pou fanmi ki gen timoun ki minè oswa fanm ansent

☐ Asistans Lajan Kach pou Refijye (RCA) - Pou refijye nan espas 12 mwa aprè yo rive

### Etap 2: Pale nou de kandida a

*Si w se yon Reprezantan Otorize, mete enfòmasyon sou moun w ap aplike pou li a.*

| Prenon | Inisyal dezyèm non | Siyati |
|---|---|---|
| | | |

**Èske w bezwen nenpòt nan sèvis sa yo?**

☐ Avi nan Fòma Gwo Karaktè ☐ Entèprèt lang siy

☐ Tradiktè ☐ Lòt ______________________________

**Ki lang prefere w?**

Pale: ______________________________

Ekri: ______________________________

**Èske ou menm oswa nenpòt moun k ap viv ak ou konn resevwa SNAP, asistans lajan kach, asistans medikal oswa asistans gadri deja?**

☐ **Non**

☐ **Wi -** Si repons lan se wi, ki moun: ____________ ______________________

Adrès (Vil/Konte/Eta): ______________________________________

______________________________________

______________________________________

### Etap 3: Di nou ki jan pou nou rive jwenn kandida a

*Si w se yon Reprezantan Otorize, mete enfòmasyon sou moun w ap aplike pou li a.*

Adrès Kay: ☐ Koche la a si ou pa gen yon adrès pèmanan - tanpri bay yon adrès postal

| Vil | Eta | Kòd Postal |
|---|---|---|
| | | |

| Telefòn *(Selilè)* | Telefòn *(Lakay)* | Adrès Imèl |
|---|---|---|
| | | |

**Adrès kote w ka resevwa kourye a (si l diferan):**

| Vil | Peyi | Eta | Kòd Postal |
|---|---|---|---|
| | | | |

**Rapèl:** Èske ou te pale nou de pwogram postilan te aplike pou li a?
Asire w ou koche kaz ki apwopriye a (yo) nan Etap 1 an.

## Etap 4: Di nou si w se yon Reprezantan Otorize

*Yon Reprezantan Otorize se yon moun ki ap ede kandida a nan pwosesis aplikasyon an epi ki ka aji nan non kandida a.* ***Si w ap ranpli fòmilè sa a antanke yon Reprezantan Otorize, tanpri ba nou enfòmasyon sa yo sou ou. Yo ka mande w pou bay yon dokiman otorizasyon.*** *Yo p ap konsidere w antanke yon reprezantan otorize jiskaske w bay dokiman an.*

| Prenon | Inisyal dezyèm non | Siyati |
|---|---|---|
| | | |

| Adrès Ri |
|---|
| |

| Vil | Eta | Kòd Postal |
|---|---|---|
| | | |

| Telefòn *(Selilè)* | Telefòn *(Lakay)* |
|---|---|
| | |

| Adrès Imèl |
|---|
| |

**Èske w bezwen nenpòt nan sèvis sa yo?**

☐ Avi nan Fòma Gwo Karaktè ☐ Entèprèt lang siy

☐ Tradiktè ☐ Lòt ____________________________

**Ki lang prefere w?**

Pale: ________________________________

Ekri: ________________________________

## Etap 5. Pou Aplikan SNAP ak Reprezantan Otorize SNAP SÈLMAN

Lè w siyen anba a, ou rekonèt**ou te egzamine ak aksepte kondisyon ki nan Etap 14 la**epi ou sètifye anba risk sanksyon pou fo temwayaj, enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a, ki gen ladan l enfòmasyon yo bay anba ki gen rapò ak sitwayènte ak estati etranje manm ki aplike pou avantaj sa yo se laverite.

**Menm si ou ka soumèt demann ou an ak enfòmasyon ki anwo yo sèlman, demann ou an ka trete pi rapid si ou kontinye reponn kesyon ki anba yo**.

| **Siyati Aplikan an OSWA Reprezantan Otorize a** | **Dat** |
|---|---|
| | |
| **Ekri non Aplikan OSWA Reprezantan Otorize a an lèt detache** | **Dat** |
| | |

## Etap 6: Reponn kesyon sa yo SÈLMAN si ou ap aplike pou avantaj SNAP yo

Konbyen moun k ap viv ak ou epi ki achte, ranje, epi manje avèk ou?______________________
Nimewo sa a konsidere kòm **"fwaye" ou**, sonje sa lè w ap reponn pwochen kesyon yo.

***Remak:*** *Repons ou yo ap ede nou deside si ou ka jwenn SNAP pi vit. Si lòt moun w ap viv avè l la ap resevwa avantaj SNAP yo, w ap toujou elijib pou avantaj SNAP yo.*

Èske revni brit total anvan taks fwaye ou a pou mwa sa a mwens pase $150?

☐ **Wi** ☐ **Non -** PAt genyen yon chanjman nan manm fwaye mwen an

Èske revni total nèt fwaye ou a pou mwa sa a aprè yo fin pran taks epi peye pou bagay tankou frè lojman, frè pou gadri/moun ki sou kont ou oswa pèman pansyon alimantè pou timoun egal ak zewo?

☐ **Wi** ☐ **Non -** PAt genyen yon chanjman nan manm fwaye mwen an

Èske total resous ou an lajan kach, chèk ak kont epay ou mwens pase $100?

☐ **Wi** ☐ **Non -** PAt genyen yon chanjman nan manm fwaye mwen an

Èske lwaye mansyèl ou oswa frè ipotèk ak sèvis piblik (tankou gaz, elektrisite, dlo ak telefòn) plis pase total revni mansyèl brit ou avan yo pran taks?

☐ **Wi** ☐ **Non -** PAt genyen yon chanjman nan manm fwaye mwen an

Èske w se yon migran oswa yon travayè agrikòl sezonye?

☐ **Wi** ☐ **Non -** PAt genyen yon chanjman nan manm fwaye mwen an

## Etap7: Ba nou enfòmasyon sou kandida a

**Ou dwe fè lis tout moun k ap viv ak ou, menm si yo p ap aplike.** Tanpri asire w ou mete non w an premye. Si w bezwen plis espas, ekri repons ou yo nan yon lòt fèy papye epi atache l ak fòmilè sa a. **Tanpri itilize sa ki vini annapre yo pou ede w ranpli seksyon anba a:**

- **Nimewo Sekirite Sosyal (SSN):** Si ou menm oswa nenpòt lòt moun lakay ou PA yon sitwayen Ameriken, oswa yon moun ki kalifye men ki pa yon sitwayen Ameriken, ou pa oblije ba nou yon SSN. Si gen lòt rezon ki fè ou menm oswa yon moun nan fanmi w pa genyen SSN, tanpri di sa anba. (egzanp: demann aplikasyon SSA ankou)
- **Sitwayen Ameriken:** Ou dwe di nou si yon moun se yon sitwayen Ameriken si li ap benefisye SNAP, Lajan Kach, èd medikal oswa gadri.
- **Ras/Etnisite:** Tit VI nan Lwa sou Dwa Sivil 1964 la otorize nou mande enfòmasyon sou ras/etnisite (Ispanik oswa Latino). Bay enfòmasyon sa yo volontè epi yo itilize yo sèlman pou gen enfòmasyon. Si w pa vle ba nou enfòmasyon sa yo, sa p ap gen okenn enpak sou dosye w la.

| Non | Ki relasyon li gen ak ou *(mari oswa madanm, zanmi, elatriye.)* | SSN *(Gade enstriksyon anwo yo)* | Dat Nesans | Sèks | Sitwayen Ameriken | Ispanik oswa Latino | Ras |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Ou menm | | | ☐ M ☐ F | ☐ Wi ☐ Non | ☐ Wi ☐ Non | |
| | | | | ☐ M ☐ F | ☐ Wi ☐ Non | ☐ Wi ☐ Non | |
| | | | | ☐ M ☐ F | ☐ Wi ☐ Non | ☐ Wi ☐ Non | |
| | | | | ☐ M ☐ F | ☐ Wi ☐ Non | ☐ Wi ☐ Non | |
| | | | | ☐ M ☐ F | ☐ Wi ☐ Non | ☐ Wi ☐ Non | |

**Èske w marye?** ☐ **Non** ☐ **Wi -** Si wi, non mari oswa madanm nan: ______________________________

**Èske ou menm, oswa moun w ap aplike pou li a ansent?**

☐ **Non** ☐ **Wi** Si wi, kiyès epi ki dat l ap akouche? ______________________________________________

**Èske ou menm oswa yon moun nan antouraj ou bezwen swen adomisil oswa swen enfimye?**

☐ **Non** ☐ **Wi -** Si wi, kiyès? ______________________________________________

**Èske ou menm oswa nenpòt moun lakay ou ap pran swen yon moun ki andikape anndan oswa deyò kay la.**

☐ **Non** ☐ **Wi -** Si wi, kiyès? ______________________________________________

**Èske ou menm oswa nenpòt moun lakay ou nan lame?**

☐ **Non** ☐ **Wi -** Si wi, tanpri koche tout kaz ki aplikab yo: ☐ **Sèvis Aktif** ☐ **Gad Nasyonal/Rezèv**

**Èske yo te jwenn ou koupab nan koze fwod nan gadri deja?** ☐ **Non** ☐ **Wi**

## Etap 8: Moun nan kay la ki gen 60 lane oswa plis

**Èske gen moun ki gen 60 lane oswa plis?**

☐ **Non-r**Si non, tanpri sote epi ale nan seksyon 9. ☐ **Wi -** Si wi, reponn kesyon sa yo ki nan etap 8 la.

**Èske moun sa (yo) ap resevwa avantaj pou andikap?**

☐ **Non** ☐ **Wi -** Si wi, nan men ki sous? ______________________________________

**Èske moun sa a pa kapab fè manje akoz yon andikap?** ☐ **Non** ☐ **Wi**

**Si w te reponn "Wi" nan twa kesyon yo ki nan etap 8 la, èske moun sa a (yo) swete pa resevwa menm SNAP ak lòt moun w ap viv ak yo a?** ☐ **Non** ☐ **Wi**

## Etap 9: Ba nou enfòmasyon sou finans fwaye w la

**Èske ou menm oswa moun lakay ou te resevwa oswa espere resevwa revni* mwa sa a?**

☐ **Non** ☐ **Wi -** Si wi, tanpri konplete tablo anba.

**Revni** vle di tout lajan ou menm ak moun lakay ou resevwa Sa gen ladan l revni sa w touche nan travay ou ye oswa nan travay ak pwòp tèt ou, pansyon alimantè pou timoun oswa mari oubyen madanm, avantaj pou andikap, avantaj pou retrèt, dedomajman pou aksidan nan travay, chomaj, Sekirite Sosyal, SSI, Avantaj pou Veteran, Ohio Works First (OWF), don lajan nan men patikilye, elatriye.

| Non | Tip revni oswa Non Anplwayè a | Chak Kilè ou Resevwa l *(chak semèn, chak de (2) semèn, elatriye)* | Montan Revni *(anvan taks)* | Dènye Dat ou te Resevwa l |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |

**Konbyen kòb ou menm ak moun ki lakay ou a genyen an lajan kach, chèk oswa ekonomi** (tankou kont labank, pansyon, aksyon oswa obligasyon)?

Bay pi bon estimasyon sou kantite total la: $______________________________

**Èske ou menm ak moun ki lakay ou yo gen plis pase yon milyon dola an total an lajan kach, chèk oswa epay** (tankou kont labank, pansyon, aksyon oswa obligasyon)? ☐ **Non** ☐ **Wi**

**Èske gen moun lakay ou ki kite yon travay oswa pèdi yon travay nan espas 60 dènye jou sa yo?**

☐ **Non** ☐ **Wi -** Si wi, kiyès? ______________________________________

Kilè? ______________________________________

Pou ki rezon? ______________________________________

**Èske gen yon moun lakay ou ki nan grèv?**

☐ **Non** ☐ **Wi -** Si wi, kiyès? ______________________________

Fòmilè sa a kontinye nan pwochen paj la

## Etap 10: Pale nou de depans fwaye kandida a

*Koche tout sa ki aplikab yo. Endike montan pou chak depans.*

☐ **Depans pou Swen Timoun/Moun ki Sou Kont Moun nan:**
Montan w estime ou peye chak mwa: $______________________________

☐ **Pansyon Alimantè pou Timoun oswa pou konjwen yo bay yon moun deyò ki pa nan fwaye w la**
Montan w estime ou peye chak mwa: $________________________________________

☐ **Frè medikal pou nenpòt moun ki andikape oswa ki gen 60 lane oswa plis.** Sa gen ladann depans tankou frè medikal, preskripsyon, prim asirans sante, transpò pou ale nan randevou medikal oswa lòt sèvis medikal.
Montan w estime ou peye chak mwa: $________________________________________

☐ **Lwaye, Pèman Ipotèk, Lwaye teren, enpo fonsye, asirans pwopriyetè, elatriye.**
Montan ou estime ou peye chak mwa: $________________________________________

**Èske w peye pou chofaj oswa klimatizasyon?** ☐ **Wi** ☐ **Non**

Mwen peye pou sèvis piblik sa yo *(koche tout sa ki aplikab yo)*:

☐ Telefòn ☐ Poubèl ☐ Dlo ize ☐ Dlo ☐ Elektrisite ☐ Gaz

## Etap 11: Si li mande èd pou gadri, tanpri di nou poukisa aplikan an bezwen yon gadri

*Si ou menm oswa moun lakay ou ap travay, ale lekòl oswa patisipe nan yon pwogram fòmasyon,* ***tanpri ranpli tablo ki pi ba a.*** *Si w se yon anplwaye, tanpri endike anplwayè aktyèl ou a. Sa gen ladan l travay endepandan ak ti travay.* ***Si w bezwen plis espas, ekri repons ou yo nan yon lòt fèy papye epi atache l ak fòmilè sa a.***

| **Non manm fwaye 1** | Enfòmasyon sou Anplwayè/Lekòl/ fòmasyon an |
|---|---|
| Nimewo Telefòn Aktivite | Dat yo Kòmanse/Dat yo Fini |
| Adrès | |

**Orè travay moun nan kay la / Lekòl / fòmasyon**

| | | |
|---|---|---|
| ☐ Dimanch Soti ____________ rive ____________ | ☐ Jedi Soti ____________ rive ____________ |
| ☐ Lendi Soti ____________ rive ____________ | ☐ Vandredi Soti ____________ rive ____________ |
| ☐ Madi Soti ____________ rive ____________ | ☐ Samdi Soti ____________ rive ____________ |
| ☐ Mèkredi Soti ____________ rive ____________ | ☐ Varye semèn an semèn ______________________ |

| **Non manm fwaye 2** | Enfòmasyon sou Anplwayè/Lekòl/ fòmasyon an |
|---|---|
| Nimewo Telefòn Aktivite | Dat yo Kòmanse/Dat yo Fini |
| Adrès | |

**Travay manm fwaye a / Lekòl / Orè fòmasyon**

- ☐ Dimanch Soti ________ rive ________
- ☐ Lendi Soti ________ rive ________
- ☐ Madi Soti ________ rive ________
- ☐ Mèkredi Soti ________ rive ________
- ☐ Jedi Soti ________ rive ________
- ☐ Vandredi Soti ________ rive ________
- ☐ Samdi Soti ________ rive ________
- ☐ Varye semèn an semèn ________

| Non manm fanmi 3 | Enfòmasyon sou Anplwayè/Lekòl/ fòmasyon an |
|---|---|
| | |

| Nimewo Telefòn Aktivite | Dat yo Kòmanse/Dat yo Fini |
|---|---|
| | |

Adrès

**Orè travay manm nan kay la / Lekòl / Fòmasyon**

- ☐ Dimanch Soti ________ rive ________
- ☐ Lendi Soti ________ rive ________
- ☐ Madi Soti ________ rive ________
- ☐ Mèkredi Soti ________ rive ________
- ☐ Jedi Soti ________ rive ________
- ☐ Vandredi Soti ________ rive ________
- ☐ Samdi Soti ________ rive ________
- ☐ Varye semèn an semèn ________

## Etap 12. Di nou plis sou timoun (yo) ki bezwen gadri a

| **Timoun 1 -** Non *(Non, Dezyèm Non, Siyati)* | Non Jènfi Manman Timoun lan | Vil Nesans |
|---|---|---|
| | | |

| Relasyon l ak Aplikan an | Lang Timoun nan Prefere Pale |
|---|---|
| | |

Èske timoun nan se yon sitwayen Ameriken oswa yon sitwayen ki pa Ameriken ki Kalifye? **Remak:** Ou dwe bay verifikasyon pou w ka resevwa èd pou gadri.

☐ **Wi** ☐ **Non -** Pitit mwen an **PA** yon Ameriken. Yon sitwayen Ameriken oswa yon sitwayen ki pa Ameriken ki kalifye

**Bezwen Timoun (yo):** Èske timoun nan bezwen Sèvis Pwoteksyon pou Timoun? ☐ **Wi** ☐ **Non -** Timoun mwen an **PA** bezwen sèvis pwoteksyon pou timoun

**Si WI,** èske gen yon plan pou dosye a?

☐ **Non -** Timoun mwen an **PA** genyen plan pou dosye

Èske timoun nan enskri nan Head Start?

☐ **Wi-** Ki orè yo genyen? Soti ________ rive ________ ☐ **Non -** Timoun mwen an **PA** nan Head Start

**Jou/Lè Swen Timoun nan nesesè**

- ☐ Dimanch Soti ________ rive ________
- ☐ Lendi Soti ________ rive ________
- ☐ Madi Soti ________ rive ________
- ☐ Mèkredi Soti ________ rive ________
- ☐ Jedi Soti ________ rive ________
- ☐ Vandredi Soti ________ rive ________
- ☐ Samdi Soti ________ rive ________

| Non Founisè a | Adrès Founisè a | Vil | Eta | Kòd Postal |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## Timoun 2

**Timoun 2 -** Non *(Prenon, Dezyèm Non, Non Fanmi)* | Non Jènfi Manman Timoun lan | Vil Nesans

Relasyon l ak Aplikan an | Lang Timoun nan Prefere Pale

Èske timoun nan se yon sitwayen Ameriken oswa yon sitwayen ki pa Ameriken ki Kalifye? **Remak:** Ou dwe bay verifikasyon pou w ka resevwa èd pou gadri.

☐ **Wi** ☐ **Non -** Pitit mwen an **PA** yon Ameriken. Yon sitwayen Ameriken oswa yon sitwayen ki pa Ameriken ki kalifye

**Bezwen Timoun (yo):** Èske timoun nan bezwen Sèvis Pwoteksyon pou Timoun?

☐ **Wi** ☐ **Non -** Timoun mwen an **PA** bezwen sèvis pwoteksyon pou timoun

**Si WI,** èske gen yon plan pou dosye a?

☐ **Wi** ☐ **Non -** Timoun mwen an **PA** genyen plan pou dosye

Èske timoun nan enskri nan Head Start?

☐ **Wi-** Ki orè yo genyen? Soti __________ rive __________ ☐ **Non -** Timoun mwen an **PA** nan Head Start

**Jou/ Lè swen timoun nan nesesè**

☐ Dimanch Soti ________________ rive ________________

☐ Lendi Soti ________________ rive ________________

☐ Madi Soti ________________ rive ________________

☐ Mèkredi Soti ________________ rive ________________

☐ Jedi Soti ________________rive ________________

☐ Vandredi Soti ________________ rive ________________

☐ Samdi Soti ________________ rive ________________

| Non Founisè a | Adrès Founisè a | Vil | Eta | Kòd Postal |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## Timoun 3

**Timoun 3 -** Non *(Non, Dezyèm Non, Siyati)* | Non Jènfi Manman Timoun lan | Vil Nesans

Relasyon l ak Aplikan an | Lang Timoun nan Prefere Pale

Èske timoun nan se yon Sitwayen Ameriken oswa yon sitwayen ki pa ameriken ki kalifye? **Remak:** Ou dwe bay verifikasyon pou w ka resevwa èd pou gadri.

☐ **Wi** ☐ **Non -** Pitit mwen an **PA** yon Ameriken. Yon sitwayen Ameriken oswa yon sitwayen ki pa Ameriken ki kalifye

**Bezwen Timoun (yo):** Èske timoun nan bezwen Sèvis Pwoteksyon pou Timoun?

☐ **Wi** ☐ **Non -** Timoun mwen an **PA** bezwen Swen Pwoteksyon Timoun

**Si WI,** èske gen yon plan pou dosye a?

☐ **Wi** ☐ **Non -** Timoun mwen an **PA** genyen plan pou dosye

Èske timoun nan enskri nan Head Start?

☐ **Wi-** Ki orè yo genyen? Soti __________ rive __________ ☐ **Non -** Timoun mwen an **PA** nan Head Start

**Jou/ Lè swen timoun nan nesesè**

☐ Dimanch Soti ________________ rive ________________

☐ Lendi Soti ________________ rive ________________

☐ Madi Soti ________________ rive ________________

☐ Mèkredi Soti ________________ rive ________________

☐ Jedi Soti ________________rive ________________

☐ Vandredi Soti ________________ rive ________________

☐ Samdi Soti ________________ rive ________________

| Non Founisè a | Adrès Founisè a | Vil | Eta | Kòd Postal |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

## Timoun 4

| **Timoun 4 -** Non *(Prenon, Dezyèm Non, Non Fanmi)* | Non Jènfi Manman Timoun lan | Vil Nesans |
|---|---|---|
| | | |

| Relasyon l ak Aplikan an | Lang Timoun nan Prefere Pale |
|---|---|
| | |

Èske timoun nan se yon sitwayen Ameriken oswa yon sitwayen ki pa Ameriken ki Kalifye? **Remak:** Ou dwe bay verifikasyon pou w ka resevwa èd pou gadri.

☐ **Wi** ☐ **Non -** Pitit mwen an **PA** yon Ameriken. Yon sitwayen Ameriken oswa yon sitwayen ki pa Ameriken ki kalifye

**Bezwen Timoun (yo):** Èske timoun nan bezwen Sèvis Pwoteksyon pou Timoun? ☐ **Wi** ☐ **Non -** Timoun mwen an **PA** bezwen sèvis pwoteksyon pou timoun

**Si WI,** èske gen yon plan pou dosye a?

☐ **Wi** ☐ **Non -** Timoun mwen an **PA** genyen plan pou dosye

Èske timoun nan enskri nan Head Start?

☐ **Wi-** Ki orè yo genyen? Soti __________ rive ___________ ☐ **Non -** Timoun mwen an **PA** nan Head Start

**Jou/ Lè swen timoun nan nesesè**

☐ Dimanch Soti ________________ rive ________________

☐ Lendi Soti ________________ rive ________________

☐ Madi Soti ________________ rive ________________

☐ Mèkredi Soti ________________ rive ________________

☐ Jedi Soti ________________rive ________________

☐ Vandredi Soti ________________ rive ________________

☐ Samdi Soti ________________ rive ________________

| Non Founisè a | Adrès Founisè a | Vil | Eta | Kòd Postal |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

**Èske timoun ou an (yo) gen yon pwoblèm sante kwonik, yon twoub devlopmantal oswa yon bezwen espesyal?**

☐ **Non-** Timoun mwen an **PA** gen yon pwoblèm sante kwonik, yon twoub devlopmantal oswa yon bezwen espesyal

☐ **Wi -** Tanpri ranpli tablo ki pi ba a:

| **Non** *(Prenon, Dezyèm Non, Non Fanmi)* | **Dekri Bezwen Espesifik Timoun nan** |
|---|---|
| | |
| | |
| | |
| | |

**Fòmilè sa a kontinye nan pwochen paj la** →

## 13. Pale nou de nivo timoun (yo) ki bezwen swen an frekante lekòl la

**Remak:** Konplete seksyon sa a si timoun ou an (yo) ap antre nan lekòl matènèl oswa pral antre nan lekòl siperyè

| Non Timoun nan(-*Prenon, Dezyèm non, Non Fanmi)* | Klas li ye kounya | Non lekòl la ak adrès lekòl la | Lè lekòl la *(egzanp: 8am - 3pm)* | Orè Lekòl matènèl la | Lè Ane Lekòl la kòmanse/ Lè li Fini |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | ☐ **AM**<br>☐ **PM**<br>☐ **Tout Jounen** | |
| | | | | ☐ **AM**<br>☐ **PM**<br>☐ **Tout Jounen** | |
| | | | | ☐ **AM**<br>☐ **PM**<br>☐ **Tout Jounen** | |
| | | | | ☐ **AM**<br>☐ **PM**<br>☐ **Tout Jounen** | |

## Etap 14: Tanpri regade enfòmasyon sa yo ak atansyon epi siyen nan dènye paj la

LÈ MWEN SIYEN APLIKASYON SA:

▶ **Pou tout pwogram yo (SNAP, Lajan Kach, ak/oswa Asistans Gadri ), mwen rekonèt epi dakò:**

- Kesyon ki nan fòmilè sa a epi sètifye, sou risk sanksyon pou fo temwayaj, tout repons mwen yo kòrèk epi konplè daprè sa mwen konnen, sa gen ladan l enfòmasyon sou sitwayènte oswa estati imigran chak manm fwaye a ki aplike pou asistans.
- Biwo Travay ak Sèvis Fanmi (Job and Family Services (JFS)) kapab kontakte lòt moun oswa òganizasyon pou jwenn prèv nesesè pou elijibilite mwen ak nivo asistans epi/oswa nan kèk ka, yo ka mande m pou m bay konsantman m ak biwo JFS konte a pou kontakte moun sa yo.
- Mwen konprann yo ka mande m pou m kolabore ak ajans egzekisyon pansyon alimantè (CSEA) nan tabli patènite oswa nan tabli oubyen egzekite yon òdonans sipò. Si yo rekòmande mwen pou kolabore avèk CSEA, yo pral soumèt yon referans bay ajans lan nan non mwen. Mwen konprann tou ke si mwen pa gen rekòmandasyon pou kolabore avèk CSEA, mwen kapab mande sèvis pansyon alimantè yo nan ranpli Aplikasyon pou Sèvis Pansyon Alimantè yo (Fòmilè JFS 07076).
- Biwo JFS konte a kapab ede mwen jwenn verifikasyon rekòmande yo a kondisyon mwen kowopere.
- Lalwa bay yon pèn amann oubyen anprizònman, oubyen alafwa, pou nenpòt moun yo rekonèt koupab ki te resevwa sou fòm fwod asistans ke li pa elijib pou sa.
- Siyati m anba a bay biwo JFS konte a pèmisyon pou l gen aksè ak enfòmasyon ki disponib nan Sistèm Swivi pou Egzekisyon Sipò a (Support Enforcement Tracking System, SETS) pou verifye revni m an rapò ak sipò pou pitit mwen/konjwen/medikal.
- Estati manm nan fwaye ki pa sitwayen kapab sijè ak verifikasyon pa Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS) atravè soumisyon enfòmasyon nan aplikasyon bay USCIS atravè Sistèm Verifikasyon ak Elijibilite Etranje Sistematik (Systematic Alien Verification and Eligibility (SAVE)). Enfòmasyon ki soumèt yo te resevwa nan USCIS kapab afekte elijibilite fwaye a ak nivo avantaj yo.
- Siyati m anba a bay konsantman m epi otorize biwo konte JFS aksede ak Pòtay Travayè Avantaj Ohio yo a nan objektif pou verifye estati sitwayènte timoun yo nan ka sa a epi pou verifye yo resevwa asistans piblik siplemantè. Mwen ka retire otorizasyon sa nenpòt lè, pou sa map notifye biwo JFS konte alekri.
- Ou genyen dwa pou mande yon konferans konte ak yon odyans eta si ou pa dakò desizyon ki pran sou ka ou a. Pou mande yon konferans konte, ou dwe kontakte biwo konte JFS ou a oswa revize notifikasyon ou te resevwa atravè lapòs la.

## Etap 14: Tanpri revize enfòmasyon sa yo epi siyen (suit)

▶ **Si mwen te aplike pou avantaj SNAP yo,** Mwen rekonèt epi dakò:

- Lè mwen siyen aplikasyon sa, yo pral mande enfòmasyon sa nan Sistèm Verifikasyon Revni ak Elijibilite (IEVS) epi enfòmasyon yo kapab verifye atravè tout kontak ki nesesè pou detèmine elijibilite mwen.
- Nimewo Sekirite Sosyal (SSNs) pral itilize pou verifye idantite manm fwaye yo, anpeche doub patisipasyon, epi fè divès chanjman nan dosye mwen an. Si nenpòt manm fwaye a pa prezante SSN yo a, yo pral deziye antan ke yon non kandida. Sa vle di yo P AP konsidere yo antan ke yon kandida epi p ap elijib pou SNAP. Founiti tout enfòmasyon yo mande, ki gen ladan l SSN chak manm fwaye, ap volontè. Sepandan, lè yo pa reyisi bay enfòmasyon yo mande yo pou etabli elijibilite mwen an pou asistans pral lakoz yo refize oubyen rediksyon avantaj SNAP yo nan fwaye mwen. Enfòmasyon ki kolekte nan aplikasyon an kapab pibliye bay responsab aplikasyon lalwa yo pou objektif arete moun k ap kouri pou lalwa.
- Si yon tribinal deklare mwen koupab nan itilize oubyen resevwa avantaj yo nan yon tranzaksyon ki enplike vant yon sibstans kontwole, mwen p ap elijib pou avantaj yo pandan de (2) ane pou premye enfraksyon an epi yon jan pèmanan pou dezyèm enfraksyon an.
- Si yon tribinal jwenn mwen koupab ke m te itilize oubyen te resevwa avantaj yo nan yon tranzaksyon ki enplike vant zam-a-fe, minisyon oubyen eksplozif, mwen p ap elijib yon jan pèmanan pou patisipe nan SNAP anba premye enfraksyon vyolasyon konsa.
- Avantaj SNAP yo bay sou Kat Ohio Direction an epi mwen gen entèdiksyon nan avantaj SNAP mwen yo pou achte oubyen vann zam-a-fe oubyen sibstans kontwole. Mwen konprann mwen ka itilize avantaj SNAP yo pou achte pwodui ki elijib yo sèlman. Mwen pa kapab itilize avantaj SNAP pou achte divès objè ki pa manje tankou bwason alkolik, tabak, elatriye. Tout manm fwaye mwen ki gen entansyon vyole règleman yo kapab pa jwenn SNAP pou yon ane pou premye enfraksyon an, de (2) ane pou dezyèm enfraksyon an, ak yon jan pèmanan pou twazyèm enfraksyon an.
- Si yon tribinal deklare mwen koupab paske mwen te trafike avantaj yo pou yon montan total $500 oswa plis, mwen p ap janm elijib pou patisipe nan SNAP depi sou premye enfraksyon yon vyolasyon konsa.
- Mwen gen entèdiksyon pou vann, fè komès oubyen achte avantaj SNAP yo epi mwen pa ka itilize avantaj SNAP yon lòt moun pou fwaye mwen. Mwen ka diskalifye nan pwogram SNAP la pou youn nan vyolasyon sa yo.
- Mwen pa kapab itilize avantaj yo pou achte manje pou yon moun ki pa yon manm nan fwaye mwen.
- Si yo jwenn mwen gen yon deklarasyon oubyen yon reprezantasyon ki gen fwod konsènan idantite mwen oubyen zòn rezidans mwen nan objektif pou resevwa plizyè avantaj SNAP an menm tan, mwen p ap elijib pou patisipe nan SNAP pou yon peryòd 10 ane.
- Enfòmasyon ki founi avèk aplikasyon mwen pou avantaj SNAP yo pral soumèt ak verifikasyon pa otorite Federal, Eta ak lokal yo pou detèmine si enfòmasyon yo faktyèl ak si nenpòt enfòmasyon pa kòrèk, avantaj SNAP mwen yo kapab refize. Mwen kapab soumèt ak pouswit penal dèske mwen te founi toutespre enfòmasyon ki pa kòrèk.
- Si mwen resevwa avantaj SNAP yo, mwen pa t dwe benefisye:
    - Yo kapab òdone mwen pou repeye avantaj yo
    - Yo kapab fè mwen peye pou fwod
    - Mwen kapab peye yon amann (jiska $250,000) oubyen yo voye mwen nan prizon (jiska 20 ane) oubyen alafwa
    - Yo ka entèdi mwen resevwa avantaj yo alavni.
- Yo pral konsidere mwen responsab pou nenpòt avantaj SNAP ke m ap resevwa ke mwen ta dwe jwenn si reprezantan otorize mwen an bay enfòmasyon ki pa kòrèk.
- Si mwen pa dakò avèk yon mezi ki pran sou dosye mwen an, mwen kapab depoze pou yon konferans konte a oubyen yon odyans Eta a. Mwen kapab mande pou yon konferans konte oubyen odyans Eta anliy, pa imel oubyen lapòs, oubyen lè yo kontakte biwo JFS konte mwen an. Mwen kapab mande yon moun pou patisipe nan odyans lan nan plas mwen avèk otorizasyon siyen mwen.
- Si yo chwazi dosye mwen an owaza pou garanti ke mwen elijib pou asistans mwen ap resevwa e ke mwen ap resevwa montan kòrèk la, mwen dwe kowopere si dosye mwen an revize. Si mwen refize kopere nan yon revizyon, yo kapab mete fen nan avantaj mwen yo.
- Nan espas 60 jou aprè li fin aplike epi nenpòt lè pandan l ap resevwa avantaj yo, yon anplwaye oswa yon travayè endepandan pa dwe volontèman epi san motif valab kite travay li oswa diminye nan lè travay li pou mwens pase 30 èdtan chak semèn oswa resevwa mwens pase salè minimòm federal la x 30 èdtan pou rete elijib pou patisipe nan SNAP.

▶ **Si mwen te aplike pou avantaj Asistans Lajan Kach yo,** mwen rekonèt ak dakò:

- Lè mwen siyen aplikasyon sa ak resevwa Asistans Lajan Kach OWF, mwen kapab gen rekòmandasyon pou kolabore ak Ajans Lokal ki Responsab Pansyon Alimantè pou Timoun (Support Enforcement Agency (CSEA)) pou detèmine patènite oswa egzekite yon odònans pou pansyon alimantè. Si yo mande m pou m kolabore ak ajans lokal ki responsab pansyon alimantè pou timoun (Child Support Enforcement Agency, CSEA), y ap soumèt yon referans bay ajans lan nan non m epi sa ka gen enpak sou dwa m pou tout sipò yo

## Etap 14: Tanpri revize enfòmasyon sa yo epi siyen (suit)

tout sa ki pou mwen ak timoun minè gwoup asistans lan ap atribiye ak Eta Ohio a.

- Lè m siyen aplikasyon sa a ak resevwa Asistans Ohio Works First la, mwen bay Eta Ohio a tout dwa sou pansyon alimantè pou timoun/konjwen y ap ban mwen ak/oswa bay minè nan gwoup asistans lan pandan peryòd elijibilite Ohio Works First la.
- Yo bay avantaj lajan kach yo sou EPPICard™. EPPICard™ la ka itilize nan bank ki afilye ak MasterCard yo, ATM yo ak lakay majorite machann ki aksepte MasterCard. Mwen pa kapab itilize EPPICard mwen an nan magazen ki vann alkòl, nan kazino, etablisman jwèt yo oswa nenpòt etablisman ki vann an detay ki bay divètisman pou adilt kote atis yo dezabiye oswa pèfòme toutouni nan objektif pou divèti moun.
- Mwen dwe aktive EPPICard™ mwen an nan espas 90 jou apati dat yo bay avantaj yo ak dat premye kat mwen an te sòti a epi si EPPICard™ mwen an pa aktive nan espas 90 jou, yo ap retire avantaj mwen yo sou kont mwen an.

► **Si mwen te aplike pou avantaj Gadri,** mwen rekonèt ak dakò:

- Biwo konte JFS oswa ODJFS mwen an kapab pataje apwobasyon, refi, ak estati aplikasyon pou gadri mwen an bay founisè ki mansyone nan aplikasyon sa a oswa bay nenpòt lòt founisè ki chwazi aprè yon chanjman nan aplikasyon mwen an. Mwen konprann ke pataje enfòmasyon sa bay nenpòt founisè ki pa site nan aplikasyon sa pral egzije siyati yon otorizasyon apa yon jan konfòm ak Kòd Revize Ohio a.
- Mwen ap kapab itilize avantaj sèvis piblik gadri (Publicly Funded Child Care (PFCC)) sèlman pou timoun ki elijib epi sèlman jiska yon maksimòm èdtan biwo konte JFS la otorize. Pou rete elijib pou avantaj PFCC yo, mwen dwe peye founisè a kopèman ki obligatwa yo (si genyen). Lè mwen reyisi peye kopèman rekòmande a, sa kapab lakoz yo mete fen nan avantaj PFCC yo.
- Si yo apwouve m pou sipò timoun, m ap responsab pou byen anrejiste asistans pitit mwen nan pwogram swen pou timoun nan, pou sa m ap itilize yon sistèm swivi otomatize pou asistans. Sa gen ladan l, enskri sou sistèm nan epi kreye enfòmasyon idantifikasyon pèsonèl mwen pral itilize pou aksede ak sistèm nan epi ki pral sèvi kòm siyati elektwonik mwen. Mwen konprann founisè gadri mwen an pa gen pèmisyon pou anrejistre prezans pitit mwen an nan non m, epi li ka pa gen aksè ak enfòmasyon idantifikasyon pèsonèl mwen. Mwen konprann sistèm suivi prezans lan kapab pran foto m oswa foto reprezantan/esponnsò mwen an nan kad pwosesis koneksyon ak dekoneksyon an. Mwen konprann mwen responsab pou apwouve nenpòt chanjman founisè mwen an fè nan sistèm swivi prezans lan konsènan patisipasyon pitit mwen an nan pwogram nan.
- Si pitit mwen an ap patisipe nan yon pwogram evalyasyon Step Up To Quality, epi si yo fè yon evalyasyon sou pitit mwen an, y ap kolekte done yo epi rapòte yo bay ODJFS.
- Mwen te resevwa eksplikasyon sou kondisyon pou detèmine elijibilite pou swen pou timoun, rezon ki fè m ka pa elijib, dwa m pou asiste ak yon odyans leta, responsablite m pou rapòte chanjman bay biwo JFS konte a ansanm ak sanksyon, ki gen ladann aksyon sivil posib oswa pousuit kriminèl, pou disimilasyon oswa falsifikasyon entansyonèl enfòmasyon oswa mal itilize prestasyon pou sipò pou timoun, ki gen ladann mal itilize sistèm swivi otomatize pou patisipasyon timoun lan.
- Mwen dwe siyale nenpòt chanjman ki afekte elijibilite m devan biwo JFS konte a, ki gen ladann chanjman nan revni fanmi an, lè travay/fòmasyon/edikasyon, gwosè fanmi an epi adrès. Mwen dwe siyale chanjman yo nan 10 jou aprè yo fin fèt.
- Epitou, siyati m anba a bay konsantman pou bay yon idantifyan elèv sistèm nan nivo eta a ki jenere pa sistèm lan ( system generated statewide student identifier, SSID) pou chak timoun ki nan aplikasyon sa a.
- Enfòmasyon Sou Founisè Gadri yo:
    - Paran yo kapab chwazi nenpòt pwogram ki apwouve pou ofri swen pou timoun ki finanse piblikman. Pwogram sa yo kapab gen ladan yo divès sant, gadri familyal, èd adomisil ak kan lajounen pou timoun ki lokalize nan tout Eta Ohio a.
    - Si ou ta renmen asistans pou chwazi yon founisè, ou kapab kontakte Ajans lokal Resous ak Oryantasyon pou Gadri ou a.
    - Ou ka itilize Repètwa Gadri nou an pou chache pwogram ki adapte ak bezwen gadri ou a sou *http://childcaresearch.ohio.gov*. Repètwa a ou fè rechèch pa lokal, tip pwogram, sèvis ki ofri yo ak jou epi lè yo fonksyone. Enfòmasyon yo bay konsènan chak pwogram ki gen ladan l notasyon Step Up To Quality, tout akreditasyon oubyen afilyasyon adisyonèl, enspeksyon lisans ak divès plent fonde.
    - Steps Up To Quality ede fanmi yo chwazi pwogram gadri ki depase egzijans minimòm lisans yo. Pwogram ki Klase yo prezante nivo kalite ki pi wo nan divès fason. Si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Step Up To Quality a, vizite sit wèb gadri DCY a sou *https://childrenandyouth.ohio.gov/for-providers/step-up-to-quality*.
    - Ou kapab vizite sitwèb nou an tou pou aprann plis sou depistaj sante Medicaid ak sèvis entèvansyon bonè pou pitit ou a. Pou enfòmasyon sa, ale sou *https://jfs.ohio.gov/child-care/resources/02-special-needs-child-care*.
- Si w ta renmen depoze yon plent kont yon founisè konsènan yon vyolasyon règ otorizasyon ki sispèk, ou ka kontakte Sèvis Asistans sou Politik Gadri a nan 1-877-302-2347, Opsyon 4.

**Si mwen te aplike pou avantaj Asistans Lajan Kach yo,** mwen rekonèt ak dakò:

- Mwen deklare anba risk sanksyon pou fo temwayaj, mwen divilge tout pansyon ak lòt dispozitif finansye ki sanble ak li mwen menm ak/oswa konjwen mwen gen enterè nan yo.
- Mwen konprann lè mwen siyen aplikasyon sa a epi resevwa Medicaid, mwen bay Eta Ohio a tout dwa pou sipò medikal ak tout dwa pèman yon tyès responsab pou asistans medikal ki pou mwen ak/oswa pou minè nan gwoup asistans mwen an. Mwen konprann mwen dwe fè Depatman Medicaid Ohio a konnen tout asirans maladi m ap benefisye oswa tout tyès pati ki responsab frè medikal mwen yo. Mwen bay Depatman an dwa pou l mande èd medikal nan men yon èks konjwen oswa yon manm fanmi. Si mwen panse kowopere ak ranbousman èd medikal ap bay timoun mwen an (yo) oswa mwen menm pwoblèm, mwen konprann mwen ka enfòme Depatman an epi mwen p ap bezwen kopere.
- Depatman Ohio Medicaid ap verifye repons mwen yo lè yo itilize nimewo Sekirite Sosyal yo ak enfòmasyon ki sòti nan done enfòmatik yo, sa gen ladan yo Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS), Administrasyon Sekirite Sosyal  (Social Security Administration, SSA), Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security,DHS)), ak lòt. Si enfòmasyon yo pa koresponn, Depatman Ohio Medicaid ka mande m pou m voye plis enfòmasyon.
- Depatman Ohio Medicaid ap jwenn enfòmasyon sou resous finansye mwen nan men bank, kowoperativ kredi oswa lòt enstitisyon finansye yon fason pou detèmine elijibilite m pou asistans medikal. Otorizasyon pou jwenn enfòmasyon sa yo rete an vigè jiskaske:
    - Yo refize aplikasyon pou asistans medikal mwen an; oswa elijibilite m pou asistans medikal la fini; oswa mwen enfòme depatman Medicaid Ohio a alekri pou fè l konnen mwen vle mete fen ak otorizasyon m nan.
- Si mwen refize otorize Depatman Ohio Medicaid pou jwenn enfòmasyon sou mwen nan men enstitisyon finansye oswa si mwen deside mete fen ak otorizasyon mwen an, mwen konprann yo ka refize oswa kanpe asistans medikal mwen an.
- Si yo mete m nan yon enstitisyon nan yon fason pèmanan oswa si m gen 55 lane oswa plis lè mwen resevwa avantaj Medicaid, aprè lanmò m, Pwogram Ranbousman an ka chèche rekipere pèman Medicaid te fè pou peye pou swen mwen yo apati de byen mwen yo. Frè swen mwen an ka gen ladan l pèman kapitasyon Medicaid peye pou plan swen jere mwen an, menmsi pèman kapitasyon an ta pi plis pase frè sèvis mwen resevwa an reyalite a.
- Mwen otorize chak moun ki ap bay yon swen sante, founiti medikal oswa sèvis pou bay Depatman Medicaid Ohio , Depatman Travay ak Sèvis Fanmi Ohio oswa Depatman Sante Ohio a nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak etandi, dire ak sèvis yo bay nan kad pwogram Medicaid, WIC ak lòt pwogram asistans medikal  yo. Mwen konprann mwen otorize depatman ki mansyone deja yo pou echanje nenpòt enfòmasyon mwen te bay depatman yo pou yo detèmine elijiblite m pou avantaj asistans medikal yo.
- Pwogram Medicaid la mande pou majorite benefisyè yo enskri nan yon plan jesyon swen. W ap resevwa enfòmasyon sou sijè sa a atravè lapòs si yo detèmine ou elijib pou Medicaid.
- Pwogram Healthchek la ap ofri sèvis prevansyon swen sante pou timoun ki genyen pi piti pase 21 lane ki elijib nan Medicaid ak fanm ansent.  Yon timoun ki elijib nan Medicaid ka benefisye depistaj gratis pou vizyon ak tande nan Healthchek.

Mwen otorize ________________________ pou reprezantan mwen pou pou pwogram_________________.
*(Non Reprez. Otor.)* *(Ex. SNAP, OWF)*

- Pou Medicaid:  Ou dwe ranpli fòmilè 06723 "Deziyen yon Reprezantan Otorize"
- Si ou bezwen plis pase yon reprezantan, tanpri kontakte biwo konte JFS ou a.

| **Siyati Aplikan an OSWA Reprezantan Otorize a** | **Dat** |
|---|---|
| **Ekri non Aplikan OSWA Reprezantan Otorize a an lèt detache** | **Dat** |

## - FEN APLIKASYON AN -

## Remèt aplikasyon sa a nan biwo konte JFS lokal ou a.

# Deklarasyon Non-diskriminasyon USDA

Dapre lwa sou dwa sivil federal ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), kwayans relijye, andikap, laj, kwayans politik, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite anvan dwa sivil yo.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram yo disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte ajans (eta oswa lokal) kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud, ki mal pou tande oswa ki gen andikap pou pale kapab kontakte USDA atravè Sèvis Relay Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, yon moun k ap pote plent ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Ou kapab jwen yon Fòmilè pou Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a sou Entènèt nan: https://www.fns.usda.gov/sites/default/files/resource-files/ ad3027-haitian-creole.pdf, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele (833) 620-1071, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòme Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil la. Ou dwe soumèt fòm oswa lèt AD-3027 ki ranpli a:

**pa lapòs:**
Food and Nutrition Service, USDA 1320
Braddock Place, Room 334 Alexandria,
VA 22314; oswa

**faks:**
(833)-256-1665 oswa (202)-690-7442; oswa

**imèl:**
FNSCIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.

Tanpri, pa voye enfòmasyon, tankou aplikasyon oswa verifikasyon, nan adrès Depatman Agrikilti Etazini (United States Department of Agricultur, USDA) ki mansyone anwo a. Adrès sa a rezève sèlman pou plent ki lye ak dwa sivil. Tanpri voye dokiman aplikasyon oswa verifikasyon nan biwo konte JFS lokal ou a.